

Pwen pou Konsidere Anvan ou Kosiyen yon Prè



Kosiyen yon prè etidyan se yon desizyon enpòtan ak yon responsablite alontèm ki dwe pran avèk anpil refleksyon.



Men kèk pwen enpòtan pou ou sonje lè w ap anvizaje kosiyen yon prè etidyan:

Kosiyatè yo responsab a 100% pou dèt la, sa vle di w ap oblije remèt prè a si etidyan ki prete lajan an pa rive ranbouse l li menm.

Rapò dèt-revni ou ap afekte si ou kosiyen yon prè.

Nòt kredi ou ak kapasite ou pou jwenn plis kredi kapab afekte tou.

Kondisyon prè a ap gen chans pou afekte kantite dèt ki akimile a ak fasilite ranbousman an, kidonk li enpòtan pou vrèman konprann eleman tankou kalandriye ranbousman an, tip to enterè a (egzanp, fiks oswa varyab) epi si y ap ranvwaye enterè a pandan etidyan an ap etidye.

NJCLASS
A Family Loan for Higher Education

Otorite Asistans pou Etidyan Edikasyon Siperyè New Jersey (Higher Education Student Assistance Authority, HESAA) ofri Prè Inivèsitè New Jersey pou Ede Etidyan Eta (New Jersey College Loans to Assist State Students, NJCLASS) avèk to enterè konpetitif ak opsyon ranbousman transparan pou etidyan ki frekante etablisman ansèyman siperyè ak inivèsite ki kalifye nan New Jersey ansanm ak rezidan New Jersey ki enskri nan enstitisyon edikasyon siperyè ki kalifye, nan eta a oswa an deyò eta a.

Si w ap anvizaje kosiyen yon Prè NJCLASS, kote etidyan an ak/oswa paran an kapab moun k ap prete lajan an, sonje prè NJCLASS la gen pwòp modalite ak kondisyon li. Pou aprann plis, vizite www.njclass.org.

**ESKANE
MWEN**

**Pou Plis
Enfòmasyon
sou Prè Etidyan**

